



Pou Piblikasyon Imedya: 12/18/2015

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA POU REFÈ “PWOSESIS SANKSYON” PWOGRAM ASISTANS PIBLIK NEW YORK CITY A KI GEN PWOBLÈM LADAN LI**

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo siyen kòm lwa yon pwojè lwa ki pral refè “Pwotesis Sanksyon” pou moun kap resevwa asistans piblik nan New York City. Pwojè lwa sa (S.3596/A.4250) kreye yon nouvo pwotesis konsilyasyon kote yon moun ki sou asistans piblik ap gen opòtinite pou l rekòmanse respekte egzijans travay yo anvan pou li ta resevwa sanksyon grav.

“Se yon mezi ki gen sans, ki trè nesèsè, kap ede garanti yo pa sanksyone enjisteman moun ki nan asistans piblik epi fòse yo rete san manjeouben dòmi nan lari,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Se yon lòt fason Eta New York la ap dirije ak egzanp, kote l jwenn bon ekilib ant ofri yon pwogram travay solid ak elimine obstak administratif ki pa nesèsè. Mwen remèsye sponso ak patizan kòz sa pou travay yo fè sou kesyon enpòtan sa, epi mwen fyè siyen l kòm lwa jodi a.”

Dapre lwa ki la kounye a, moun New York ki nan asistans piblik epi ki manke li te mèt yon sèl grenn jou travay riske wè yo sispann otomatikman benefis li yo pou 6 mwa akòz “pwotesis sanksyon” ki la kounye a. Stati kwo gen ladann tou sa yo rele “afichaj otomatik” kote yo voye bay yon benefisyè yon sanksyon konpyoutè a fè soti otomatikman, san ankenn moun pa gade wè si sanksyon kap bay la merite bay vreman. Anplis de sa, anpil moun ki resevwa sanksyon pa gen mwayen nesèsè pou yo fè yon apèl ki reyisi.

Anplis bloke chèk asistans piblik yon moun, sanksyon yo vle di benefisyè a pa otorize patisipe nan pwogram travay, edikasyon ak fòmasyon, epitou konsekans sanksyon yo elimine asistans pou timoun ak transpò. Si yo pa gen resous ak okipasyon lajounen,

pou anpil moun New York sanksyon yo vle di rete san manje ak viv nan lari.

Yon gwo majorite sanksyon asistans piblik yo pa kenbe lè yo verifye yo. Dapre Biwo Asistans Maladi Tanporè a, nan ane 2015 lan, sou 21474 ka yo soumèt nan odyans ekitab apre yon sanksyon travay, se sèlman 242 sanksyon ladan yo ki te merite. Nan plis pase 90 pou san ka sanksyon kounye yo, responsab kay la se yon fanm.

Pwojè lwa sa pral amande sistèm sa nan New York City yon fason yon moun ki te manke travay li kapab retounen nan pwogram travay yo pi rapidman ak pi efikasan. Pwojè lwa sa mande tou pou yon moun analize ka endividyèl yo anvan yo bay yon sanksyon.

**Senatè Diane J. Savino te declare:** “M ta renmen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt li rekonèt enpòtans siyen lwa sa epi konplimante l dèske l pran mezi pou amelyore lavi moun New York kap lite. Nouvo lwa sa vle di moun kap resevwa asistans piblik ap kapab pran mezi prevantif konsènan egzijans travay yo san yo pa pè yo penalize yo epi pèmèt yo resevwa sipò ak angajman yo bezwen pou yo kontinye resevwa benefis yo.”

**Manm Asanble Keith L.T. Wright te deklare:** “Jodi a se yon gwo jou pou New York kote nap mete jistis ak rapidite nan sèvis piblik. Li senp: sanksyon pa efikas kont kliyan, yo chè pou kontribyab yo epi yo mete yon gwo chaj sou ajans sèvis sosyal lokal yo. Aplikasyon lwa sa vle di yon manman kap elve yon pitit poukont li ki pran yon jou konje nan travay li pou l okipe pitit li ki malad kapab fè sa san l pa pè manke peye lwaye l. Li vle di benefisyè gen dwa, responsablite ak yon pi gwo chans chape anba lamizè epi rive okipe tèt li an pèmanans. Li vle di yon meyè kalite vi pou si tèlman anpil moun New York. Mwen remèsye epi m felisite biwo Asistans Legal New York City pou fason fèm yo plede sou kesyon sa. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo tou pou fason li lonje men bay rezidan Eta New Yo ki, kounye a, ap kapab wè piklè pou rive nan stablite finansye.”

**Adriene Holder, avoka responsab Pratik sivil Sosyete Asistans Legal la di:** “ Sosyete Asistans Legal la sèvi plizyè milye kliyan ki viktim sanksyon sèvis sosyal, san bliye sa ki anba menas pou tribinal Lojman mete yo deyò ak sa ki deja nan sistèmabri pou moun san kay yo lè nou rankontre avèk yo. Twò souvan sanksyon yo te abitrè, trè sevè epi yo te pwovoke moun vin san kay. Nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo dèske l siyen S.3596/A.4250 pou l vin yon lwa. Lidèship li ap ede kliyan nou yo evite viv san kay pou kòmanse epi ede fanmi ki nanabri vin gen lojman pèmanan pi vit.”

**Jennifer Jones Austin, CEO/Direktris Egzekitif Federation of Protestant Welfare Agencies la di:** “FPWA aplodi Gouvènè Cuomo ki siyen S.3596/A.4250. Lwa sa ki gen sipò toude prensipal pati politik yo pral bay New York City yon lòt zouti ekstrèman

enpòtan pou konbat lamizè ak fenomèn pa gen kay la, lè li anpeche yo bay sanksyon pa erè nan sistèm asistans sosyal la epi bay moun New York City kap batay ak lavi yon opòtinite pou retounen nan aktivite travay. Chanjman pwojè lwa fè yo alafwa fè sans epi ekonomik.”

**Helen Schaub, Direktris Politik ak Lejislasyon pou 1199SEIU United Healthcare Workers East, di:** “Nou felisite Gouvènè Cuomo dèske l siyen A.4250/S.3696 pou l vin yon lwa. Menm jan ak lidèship Gouvènè a nan ogmantasyon sale minimòm nan, lidèship li nan lwa sa pral ede travayè ki pa gen gwo salè kap batay ak lavi a. Lè travayè respekte règleman asistans piblik yo yap kapab kenbe aksè nan pwogram travay ak fòmasyon ki ka mennen yo jwenn pi bon travay ak endepandans ekonomik.”

**Julie Kushner, Direktris United Auto Workers Region 9A, di:** “UAW aplodi Gouvènè a dèske l siyen A.4250/S.3696. Lwa sa pral pèmèt moun New York ki pa gen gwo salè gen aksè ak djòb, pwogram travay ak sipò travay, tankou okipe timoun, san kanpe. Si yo vle senplifye li, lwa sa anfavè travay.”

**Liz Schott, Ofisye Senyò nan Center on Budget and Policy Priorities di:** “Mwen aplodi bonsans ak chanjman anfavè travay kifèt ak A.4250/S.3696 kap ede moun kap resevwa asistans piblik pou antre nan aktivite travay san pèdi tan. Pèmèt reyngajman imedya ranfòse konsantrasyon sou travay asistans sosyal la epi itilize sanksyon yon fason entelijan, pou ogmante respè ak patisipasyon nan aktivite travay. Chanjman sa se yon amelyorasyon sou apwòch ki mande pou gen yon peryòd diskalifikasyon, ki bloke benefisyè a andeyò aktivite travay. Rediksyon oubyen pèt benefis pandan peryòd diskalifikasyon obligatwa ka kreye yon kriz nan fanmi an ki ka mennen nan destabilizasyon epi, nan sèten ka, ogmantasyon fenomèn pa gen kay la. Si objektif egzijans travay pwogram asistans sosyal yo se konekte benefisyè yo ak aktivite travay, alòs pèmèt yo reyngaje touswit, jan lwa sa sanse fè li, se pi bon metòd la jiska prezan.

**David R. Jones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Community Service Society, di:** “Lè l siyen lwa ki gen bon sans sa, Gouvènè Cuomo ap ran li posib pou vil la retabli rapidman benefis sosyal yo pou benefisyè ki konfòme yo ak règleman yo. Rezilta final la se va ede fanmi yo evite pa gen kay epi konsève gadri ki pèmèt yo kenbe travay yo.”

**Mary Brosnahan, Prezidan ak Direktè egzekitif pou Coalition for the Homeless, di:** “Gwo bravo pou Gouvènè Cuomo dèske l siyen enpòtan pwojè lwa sa pou l vin yon lwa. Chanjman lwa sa va ede konbat fenomèn pa gen kay la sou 2 fwon: Li pèmèt moun ki nan asistans sosyal yo pou yo konfòme ak aktivite travay touswit, yon fason pou yo evite pèdi benefis ak ris pou yo pa ta gen kay pou yo rete. La pwoteje tou moun New York ki pa gen kay pou yo rete kap viv nanabri kont sanksyon ki dire epi ki twò sevè –

lap garanti yap jwenn sibvansyon lojman ki enpòtan pou yo ka antre nan yon kay yo rele pa yo.”

**Rev. Frederick A. Davie, Vis Prezidan Egzekitif Union Theological Seminary, di:**

”Kòm lidè spirityèl map gade sou Gouvènè Cuomo pouf objektif jistis ekonomik yo vanse. Se sa l fè egzakteman lè l siyen lwa sa. Pwojè lwa sa pral chanje vi anpil endividi ak fanmi nan New York City paske lap garanti yo pa bayo sanksyon ki pa jistifye epi yo kapab kontinye resevwa benefis ak patisipe nan aktivite travay yon fason pou rive gen endepandans ekonomik.”

**Susan Dooha, Direktris Egzekitif Center for Independence of the disabled, di:**

”Nou remèsye Gouvènè Cuomo dèske l siyen A4250/S3696. Pwojè lwa rekonèt dwa moun ki andikape. Li kite sak kapab travay yo jwenn èd san pèdi tan. Li garanti moun andikape ki paka travay yo pap sanksyone pa erè lè yo pèdi benefis yo.”

**Emily Kutner, Direktè Egzekitif UJA-Federation of New York di:** “UJA aplodi Gouvènè a pou lidèship li nan fè yon chanjman enpòtan nan lwa kap ede paran ki gen ti revni ki vle ede tèt yo jwenn otonomi lè yo konfòme yo ak règleman yo. Se yon politik imanitè ki sanble ak gwo eta yo rele New York la.”

**Liz Accles, Direktris Egzekitif Community Food Advocates di:** ”Community Food Advocates aplodi sipò Gouvènè Cuomo pou S3592/A4250, pwojè lwa tou 2 pati politik yo sipòte a ki elimine sistèm penalite chaje erè epi abitrè ki twò souvan se dènye gout dlo ki pouse anpil fanmi ki pi pòv yo nan New York City nan twou grangou ak pa gen kay pou yo rete.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418